EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.2 | SJIF = 6.051 www.in-academy.uz




# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ БӘҲӘРГИ МӘРЕСИМЛЕРИНИҢ ТӘБИЯТ ҚУБЫЛЫСЛАРЫ МЕНЕН БАЙЛАНЫСЛЫҒЫ

**Малика Пахратдинова**
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты магистранты
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.7969076

**ARTICLE INFO**
Received: 16th May 2023
Accepted: 24th May 2023
Online: 25th May 2023
**KEY WORDS**
*Календарлық дәстүрлер, үрп-әдет дәстүрлер, дәстүр, Наўрыз*

**ABSTRACT**
*Ҳәр қандай халықтың өзине тән болған дүнья таныў, тәбияттағы өзгерислерди болжаў усыллары болған: ҳәтте әййемги дәўирден баслап өз академиясына ийе болған Хорезмде тәбият сырларын болжаў, географиялық ҳәм астрономиялық түсиниклерге ийе болыў оғада алдыға кеткен. Қарақалпақстанда жасаўшы халықлар ерте дәўирлерден баслап-ақ күн, түн, ай ҳәм жыл ҳәрекетлерин үйренген. Әййемги қарақалпақлар тәбият пенен бирге жасап, оның менен тиллесип отырған халық. Дийханшылық, аңшылық, балықшылық, шарўашылық, өнерменшилик бизиң ата-бабаларымыздың кәсиби болған. Бул кәсиплердиң барлығы тәбият пенен тығыз байланыслы. Олар тәбияттың күнлик, ҳәптелик, айлық, мәўсимлик, жыллық өзгерислерин, ҳәр бир күннен соң қандай күн келетуғынын, ҳәр бир айдан кейин қандай ай келетуғынын, күнниң нурынан, айдан туўылыўы, жулдызлардың қубылыўларынан тәбиятта қандай өзгерислер болып отыратуғынын, малға, еккен егинге, туўылған балаға қандай өзгерис әкелетуғын билген.*

Дүньяда ҳәр қандай халықтың өзине тән болған дүнья таныў, тәбияттағы өзгерислерди болжаў усыллары болған: ҳәтте әййемги дәўирден баслап өз академиясына ийе болған Хорезмде тәбият сырларын - болжаў, географиялық ҳәм астрономиялық түсиниклерге ийе болыў оғада алдыға кеткен. Қарақалпақстанда жасаўшы халықлар ерте дәўирлерден баслап-ақ күн, түн, ай ҳәм жыл ҳәрекетлерин үйренген. Қуяш, Ай ҳәм жулдызлардың жәрдеминде ўақытты белгилеген. Жулдызлар жәрдеминде түнги жол бағдарларын анықлаған. Сутканы бес мезгилге, айды төрт ҳәптеге бөлип қараў усылы бурыннан-ақ Шығыс еллеринде бар ҳәдийсе. Бирақ, булардың атамалары парсы тилиндеги санақ сан «як» (бир) араб тилиндеги «шам»

(күн) тийкарында берилген болып якшамба (екшемби) түринде берилип соңынан түркий тилиндеги халықларға да араласқан. Парсы тили тийкарында руз (күн) мах (ай), сал (жыл) атамалары да кирип келген. Сол атамалар тийкарыңда «Рузнама» (күнделикли ўақыялар яки болмаса газета), махнама (бир ай ишиндеги ҳәдийселер яки болмаса журнал), «салнама» (жылнама) ҳәм тағы басқалар.

Булардан тысқары күн, ай ҳәм жыл өзгешеликлерин белгилеўши айырым календарлар пайда болған. Бул календарлардың тийкарғы шығысы, араб, ҳинд, қытай, иран ҳәм япония еллеринде пайда болыўына карамастан дерлик Азияның барлық жерлерине тарқалған. Булар «Шығыс календары» - деп аталып, бизиң ата-бабаларымыз негизинен тәбият өзгешеликлерин усы календар тийкарында үйренип барған.

Белгили илимпаз К.Мамбетов: - «Шығыс календары тарийх ҳәм география илимлери менен беккем байланыслы болыўына қарамастан Шығыс еллериниң илим ҳәм билиминиң белгили бир тараўы сыпатында тарийхый-филологиялық бағдарда да үйренилмекте» [1:54] - деп атап өтеди.

Шығыс календары бойынша жаңа жыл ҳамал яғный март айының 21-март күнинен басланып 19-апрель шекем даўам етеди. Себеби, бул күни жер бетиндеги барлық тиришилик ҳәрекетке келип, қурт-қумырысқалар оянып, өсимликлер бөртик ашып, Наўрыз кирип келеди. Соның ушында бул күнди жаңа жыл - деп қабыл еткен мақул. Өйткени, жаңа жыл шығыс календарында биринши январдан емес, бәлки 21-март Наўрыздың биринши күнинен басланған. Шығыс календары бойынша: ҳамал айы - 21-марттан 19-апрель аралығы, сәўир айы - 20-апрелден 20-май аралығы, жаўза айы - 21-майдан - 21 июнь аралығы, саратан айы - 22-июннан 22-июль аралығы, ҳәсет айы 23-июлден 23-август аралығы, сүмбиле айы 24-августтен 22-сентябрь аралығы, мийзан айы 23-сентябрь - 22-окябрь аралығы, ақырап айы - 23-октябрден 21-ноябрь аралығы, қаўыс айы - 22-ноябрден 21-декабрь аралығы, жедди айы 22-декабрден 19-январь аралығы, дәлиў айы 20-январдан 18-февраль аралығы, Ҳут айы 19-февралдан 20-март аралығы деп белгиленген.

Әййемги қарақалпақлар тәбият пенен бирге жасап, оның менен тиллесип отырған халық. Дийханшылық, аңшылық, балықшылық, шарўашылық, өнерменшилик бизиң ата-бабаларымыздың кәсиби болған. Бул кәсиплердиң барлығы тәбият пенен тығыз байланыслы. Олар тәбияттың күнлик, ҳәптелик, айлық, мәўсимлик, жыллық өзгерислерин, ҳәр бир күннен соң қандай күн келетуғынын, ҳәр бир айдан кейин қандай ай келетуғынын, күнниң нурынан, айдан туўылыўы, жулдызлардың қубылыўларынан тәбиятта қандай өзгерислер болып отыратуғынын, малға, еккен егинге, туўылған балаға қандай өзгерис әкелетуғын билген. Оларда астрономиялық билим менен бирге гидрометеорологиялық билим, олар ортасындағы қатнастың математикалық есап бойынша белгили бир нызамға қурылғанлығын, жердиң географиялық жайласыўы менен бәрин алжаспай есаплаған бай тәжирийбе болған. Тәбияттың, жердиң, ўақыттың бир-бирине қатнасын математикалық жақтан есаплап шыққан, он еки айдың зодиак белгилерин турмыс тәжирийбелерине сүйенип отырып есаплап шыққан. Онысыз шарўа менен дийхан жасай алмас еди. Қарақалпақлар барлық түркий халықлар сыяқлы жылды өзлери жасаған орын-мәкан, өзин қоршаған тәбият

пенен бирге белгилеген. Жылды он еки айға бөлген, он еки ай бир жыл, он еки жыл бир мүше деп қараған. Бир жылдағы он еки айға қарақалпақлар өзлеринше ат қойған.

Қарақалпақларда жылды тиришиликтиң басланыўынан ҳәм бәҳәрдеги күнниң теңлесиўинен яғының жаңа күн, жаңа жыл басы деп 21-марттан баслаған. Наўрызды бир жылдағы тиришилик тамамланып, екинши жылдың тиришилигиниң басланыўы деп белгилеген. «Наў» - жаңа, «рыз» - жаңа ырыс деген сөзден алынған, яғный жаңа тиришилик, жаңа өмир деген мәнилерге туўра келеди. «Наўрыз байрамы – бул ата-бабаларымыздың турмыс тәжирийбелерине байланыслы келип шыққан» [2:7] деп атап өтеди. Наўрызды қарақалпақлар айрықша күткен, үлкен байрам етип белгилеген. Мал сойылған, далада қазанлар асылып, аўқаттың неше түри писирилген. Наўрыздың өз тамағы жети түрли дән салынып «Наўрызлық гөже» писирилген. Ол гөже барлық үйлерге таркатылған Наўрызлық гөжеге сары май, қойдың қуйрық майы, қаўын қақ салынған. Оннан басқа Наўрызда сүмелек писирилген. Сүмелекти ҳаяллар түни менен писирип, таңның алдында қазанның бетин жаўып қойған. Бундағы дәстүр Дийхан баба келип бес бармағы менен сүмелектиң бетине қолының изин таслап кетеди деп ойлаған. Ҳаяллар аз ғана дем алып болған соң қазанның бетин ашқанда, айтқаннындай бес бармақтың изи турған деп айтылады. Бул күни ҳәмме далаға шығып, ойын-заўыққа қатнасатуғын болған. Наўрызға жүйрик аты бар атын сейислеген, қошқары бар қошқарын, кусы бар қусын таярлаған. Халықтың барлық өнери бойынша жарыс болған. Жарыста озғанларға байрақ берилген. Наўрызда жыраў-бақсылар айттырылған, дәрўазшы дәрўазын қурған, қәлпелер қусын салған. Далаға алты бақан аткөншеклер қурылған, мал сойылған, ҳәммеге тамақ тартылған. Бул күни ҳаял-қызлар таза кийим кийип, шашларын жуўып айрықша таярланған Адамлар бир-бириниң үйине барып, дуз-дәмек тартқан. Ҳәмме үй дәстурхан жайып, барын дәстүрханға салып қонақларды күтеди. Ҳәр бир адам ең кеминде жети үйден дуз татыўы керек. Бул күни барлық өкпе, шешилмеген жәнжеллер шешилип, ҳәмме жаңа өмирге жаңа энергия менен кириўи керек деп түсинген. Наўрыз улыўма халық байрамы болып өткизилген. Ат жарысы, ылақ (көкпар) ойыны, қошқар дүгистириў, қораз урыстырыў, гүрес, алтын қабақ атыў, жыраў-бақсы айтырыў, қыз-жигитлер айтысы ҳәм балалар ойынлары өткерилген.

## References:

1. Мамбетов К. Шығыс әдебияты тарийхы. – Нөкис, Билим, 1993. Б.54.
2. Есбергенов Х., Есбергенова Т.Х., Сейтмуратова Г. Наўрыз халқымыздың миллий байрамы. – Нөкис: Билим, 1998. Б.7